ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№179 (21.337) ● 2008 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президентыр гуапэу Нартани Шэджэм къали щрагъблагъэ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Властым и псальэр зэригъэпэжыр цIыхухэм я фIэщ хъуу хуежьащ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Шэджэм районыр къыщыдзэхикIухьа ещанэ махуэм Нартан къуажэм-рэ Шэджэм къалэмрэ щыIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къуажэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ, цIыху мин 14-м нэблагъэ зыдэс Нартан къуажэм, хабзэ зэрыхъуауэ, Президентыр щепльащ еджапIэхэм, узыншагъэр хъумэным и Iуэхущапlэхэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэ адрей уэхэшыгъэхэм. Наурыз Мамышэ и цIэр зезыхьэ интернат школым, сабий зеинщэхэр щапIым, и унэхэмрэ пщIантIэмрэ Къанокъуэ Арсен къызэхикIухьащ а еджапIэм и унафэщI Алишанов Алий-Сулътан щыгъуэ. Сабийхэр щыпсэу унэм и щытыкIэр абы хуабжу игу ирихьащ. ЦIыкIухэр унагъуэ щыкIэуэрэ гуэшауэ щытщи, апхуэдэ гуп къэс фэтэр теплъэ иIэу къызэгъэпэща, жеипIэ пэшу тIу, зыгъэпсэхупIэ пэшышхуэ, зытхъэщIыпIэ, зыгъэпсэкIыпIэ екIуэхэ зиIэ псэупIэ щцхьэхуэм щIэсщ.

Президентым къызэхикIухьащ спортым зыщцыхуагъаз-эр пэшхэр, еджапIэ классхэр, предмет щхьэхуэхэмкIэ кабинетхэр. Къанокъуэ Арсен зэпымыууэ щIэупщIэрт егъэджэныгъэр къызэгъэпэщыныкIэ, сабийхэр зыхуей хуэгъэзэныкIэ яхуримыкIуу щыIэхэм. КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым зэрыжиIауэ, «республикием и еджапIэхэм ящыщыгъуэ нэхъкIи дыдэу зыхуей хуэгъэза» мы школым щIильэгъуахэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу игу ирихьа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и гъусэхэм пщэрыпъ пыуэкIаIэр яритащ ныкъуэсаныгъэ щхьэхуэхэр гъэзэкIуэжыным теухуауэ.

Адэкlэ хьэщIэхэр участкэ сымаджэщым и щытыкIэм еплъащ. Ялэкlэ Президентыр щыщIыIауэ щытам лъандэрэ мыбы зэхъуэкIыныгъэ куэд къыщыкIуащ. Зэкlэ зыхунэмысыр езы унэр зэгъэпэщщыкIынымрэ мафIэсым зэрызыщыхъуымэ сигнализацэр гъэувынымрэщ. Абыхэм къадэкIуэу, зыпэмыплъа нэгъуэщI зы Iуэхуи къыкъуэкIащ. Медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм зэрыхуэхагъахьуэрэ хущхъуэхэкIхэр къызэращэхун ахъшэ яхуримыкъуж хъуащ. Мы Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зохагъэкIыну Къанокъуэ Арсен зыхуэфащэ къулыкъущIэхэм я пщэ ирилъхьащ.

Нартан дэкIри, хьэщIэхэр кIуащ районым и административнэ центрым - Шэджэм къалэм. Ялэ дыдэу ахэр зыдыхьа район сымаджэщыр мы зэманым зэрагъэпэщыжк. «Уэзнышагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, мы зэманым ирихьэлIэу абы къыIэрыхьащ и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтригъэувэн папщIэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ пэрыт. Район администрацэм и Iэтащхьэ Мамбэт Михаил быдэу жиIащ сымаджэщыр зыхуей хуэгъэзэныным пыщIа лэжьыгъэ псори щэкIуэгъуэ мазэм и пэщIэддэм ирихьэлIэу зэрызэфIагъэкIынур.

Къалэм дэт курыт школ №2-рэ иджыпсту кьагъэщIэрэщIэж, и щIыбыр зэрахьэ. Мы Iуэхущапlэри гуГу езыгъэхьхэм щыщщ унэльащIэхэр жьы зэрыхъуар.

«Гимназие» муниципальнэ еджапIэм Къанокъуэ Арсен щыщIэущIащ анэдэлъхубзэр зэрыригъэдж щыкIэм. Абы кьратыжа жэуапым къызэрихэщамкIэ, анэдэлъхубзэр егъаджэным зы тхьэмахуэм сыхьэтиплI хуахэыу аращ. Ауэ, егъаджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхум иджыпсту йогупсыс икIи мыгувэу унафэ пыуыкIа тращIыхьынущ.

Щэнхабзэмкlэ унэмрэ музейимрэ кьиплъыхьа нэужь, республикэм и Iэтащхьэр районым и цIыху пашэхэм яIущIащ икIи махуищым кьриубыдэу и нэгу щIэкIаxэм ятеуухуауэ яжриIащ: «Пком ящэу сэ гу зыльыстар цIыхухэм я гупэр унафэщIхэм нэхъ яхуэгъэза зэрыкъуарщ. Абыхэм ягугъэр хахыжакъым я псэукIэр зэрефIэкIуэнум икIи властым жиIар зэригъэзащIэр я фIэщ хъуу хуежьащ».

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Бесленов Ильяс. Абы къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэхэм яхуэзэфIэкI псори зэралэжьыр, иджы районхэмрэ жылагъуэхэмрэ я администрацэхэмри я бгыр щакъуэзу Iэхум нэхъ ерыщу бгъэдэуалъхьэу къыIэрилъытэр.

АРГЪЕИКЪУЭ Хьэбыж.

Сурэтхэр **ХЬЭГУАРЭ Джамилэ** *трихащ.*

ЩIыдагъэхэкIхэм я уасэм зэрыхэхъуэм пэув Урысейпсо акцэ

●ПэкIу

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм щIэзэхэщащ къэралым бензин, дизель зэгъэсыныпхъэм егъэлеяуэ зэрыщIэхъуэр ямыдэу ирагъэкIуэкI Урысейпсо акцэр щыдаIыгъ пэкIу.

КЪБР-м и профсоюзхэм я жэрдэмкIэ дыгъуасэ зэхэта республикэ пэкIум кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий,** КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Чечеин Анар**, Iуэхущапlэхэм я профсоюз комитетхэм я унафэщIхэр.

КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъан** пэкIур зытегъэпсыхьа Iуэхугъуэм, абы екъэлIауэ Урысейм и Профсоюзхэм я федерацэм зэкъуэту ирагъэкIуэкI пэжыыгъэхэм я ззэыгъэуIу комитетым кьищта унафэм къызэхуэсахэр кIэщIу щыгъуаэз ищIащ.

Урысейм статистикэмкIэ и IэнатIэм къызэригъэльагъуэмкIэ, 2008 гъэм бадзэуэгъуэм ирихьэлIэу, 2007 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ, бензиным и уасэм процент 20,5-кIэ, дизгъэзэсыныхъэм процент 30,2-кIэ хэхьащ. Товархэмрэ Iуэхуфитыныгъэхэмрэ я уасэм ебгъапщэмэ, гъэсныпхъэм и уасэр хуэди 2-3-кIэ дэусащ.

КЪБР-м и агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюз комитетым и унафэщI **Бесльэней Чэмал** и псальэмакъым къызэрыхигъэщащи, щIыдагъэхэкIхэм я уасэр драгъэуеящ мэкъумэшыщIэхэм я гъавэ кьеХьэлIэжыгъэм. Дауи, илъэс псокIэ зытельэжьа, кьару зрахьэлIа гъавэр абыхэм хагъэкIуэдэжынукъым, икIи, сыт хуэдизгуГуеХь пымыльми, гъэсныпхъэр кьащэхунурэ кьрахьэлIэжьынущ. Уасэхэр дэзыгъэуей щхьэзакъуэ компаниехэм Iэщlалъхьащи, ахэр хэкум и экономикэмрэ и цIыхухэмрэ я сэбэн хэлъу лажьэркъым. ЩIыдагъэхэкIхэм я уасэм апхуэдэурэ хэхьэ щIар пэжаныкъуэ, ди республикэм кьаруущхуэ ирахьэлIэу экономикэ, социальнэ IэнатIэхэм щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэр кьызэтригъэщэхэнкIи хьунущ, апхуэдэуи абы и зэранышхуэ екIынущ жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэм.

ИпэжыпIэкIэ иджыпсту дзтхэнэ кьызэрыгуэкI цIыхуми зыхэщIэ сомым и пщIэр зэрехуэхыр, цIыхур псэун папщIэ зыхуеинухэр, ар ерыскъыхэкI, хьэпшып ирехъуи, зы махуэм нэхър адрейм нэхъ льапIэ зэрымыхъур. Ахэр зы щIыналъэм кьиплу нэгъуэщI щIыпIэ пшэн папщIэ транспорт ухуейщ, араци гъэсныпхъэм и уасэр зэрыдгъэуеяр Iэнатlэ къуэдым зэран хуоохьу.

ЩIыдагъэхэкIхэм я уасэм зэрыхэхъуам зыIуигъэуа гугъуехьхэм, абы и хэкIыпIэу кьальытэхэм теухуауэ кьэпсэльащ автотранспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI **Голованенко Анн э,** «Экспрессталси» ЗАО-м кадрхэмкIэ и директор, профсоюз комитетым и унафэщI **ЛIуп Хьэбидэт,** «Рассвет-С» ООО-м и унафэщI **ХьэIупщы Светлан э** сымэ.

ПэкIум кьыщащта унафэм кьыщагъэлъэгъуащ щIыдагъэхэкIхэм я уасэр улъэщIымыхьэу зэрыдгъуейр ямыдэу ирагъэкIуэкI Урысейпсо акцэр зэрыдаIыгъыр, профсоюзхэм хьэхалъхьахэр кьыдаIыгъыну властым и кьудамэ псорИ къызэрыхураджэр.

УАРДЭ Жантинэ.

●Прохладнэ куей

Нартыху гъэкIыным зратыж

НАРТЫХУгибридхэр гъэкIыныкIэ Урысеим и ассоциацэр нужьрей зэманым егъэпейтей ди щIыпIэхэм игъащIэ гъандэрэ щащIэу щыта нартыху лъэпкъыфIхэр нэрылъагъуу зэрыхэкIуэдэжьым. Мы зэманым КЪБР-м щыхасэ нартыху жылапхъэхэм я процент 16-р хамэ къэралхэм къыщащэху, процент 20-р республикэм щагъэхьэзыр. Илъэс кIуам зыхуей фIагъ зиIэ жылапхъэу мэкъумэшыщIэхэм я кьащэхуну яГуэтар процент 55-рэщ, адрейр езыхэм зэрахуэзэфIэ кIкIэ кьызэрагъэпэщащ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, апхуэдэ жылапхъэм фIагъ лъэпкъ ябгъэдэлъхьыным, гъавэ бэвкIэ ущIыщыгуГыынм щыIэкъым. Аращ жылапхъэ хэплъыхьахэр гъэхьэзырынымкIэ апэм ди республикэм зэфIэкIыр зэтегъэуэжьыным щыхуейр. Мы Iуэхум теухуауэ КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм Продхладнэ куейм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ нартыху гъэкIынымкIэ Урысеймрэ Сербиемрэ я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм я щIэныгъэлIхэр, КЪБР-м и мэкъумэш хозяйствэхэм я унафэщIхэр. Семинарым хэтахэр кьыщрашэжкIащ. Продхладнэ куейм нартыху гъэкIынымкIэ нобэ бжьыпэр щызыIыгъ «Отбор» агрофирмэм и гъавэ щIапIэхэм.

ХьэщIэхэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ агрофирмэм илъэс зыбжанэ хьуауэ хузбагъуэ «Диана», «Ирида», «Ранняя лакомка», «Родник-182» гибрид пIэужьыгъуэхэр. «Отбор» агрофирмэмрэ нартыху гъэкIынымкIэ гъэзэныным зэрыгурыIуахэщ. Семинарым хэтхэм дерс щхьэпэхэмкIэ кьадэгуэщащи Сербием кьикIа хьэщIэхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Сурэтхэр **ХЬЭГУАРЭ Джамилэ** *трихащ.*

●Прохладнэ куей

Нартыху гъэкIыным зратыж

НАРТЫХУгибридхэр гъэкIыныкIэ Урысеим и ассоциацэр нужьрей зэманым егъэпейтей ди щIыпIэхэм игъащIэ гъандэрэ щащIэу щыта нартыху лъэпкъыфIхэр нэрылъагъуу зэрыхэкIуэдэжьым. Мы зэманым КЪБР-м щыхасэ нартыху жылапхъэхэм я процент 16-р хамэ къэралхэм къыщащэху, процент 20-р республикэм щагъэхьэзыр. Илъэс кIуам зыхуей фIагъ зиIэ жылапхъэу мэкъумэшыщIэхэм я кьащэхуну яГуэтар процент 55-рэщ, адрейр езыхэм зэрахуэзэфIэ кIкIэ кьызэрагъэпэщащ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, апхуэдэ жылапхъэм фIагъ лъэпкъ ябгъэдэлъхьыным, гъавэ бэвкIэ ущIыщыгуГыынм щыIэкъым. Аращ жылапхъэ хэплъыхьахэр гъэхьэзырынымкIэ апэм ди республикэм зэфIэкIыр зэтегъэуэжьыным щыхуейр. Мы Iуэхум теухуауэ КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм Продхладнэ куейм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ нартыху гъэкIынымкIэ Урысеймрэ Сербиемрэ я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм я щIэныгъэлIхэр, КЪБР-м и мэкъумэш хозяйствэхэм я унафэщIхэр. Семинарым хэтахэр кьыщрашэжкIащ. Продхладнэ куейм нартыху гъэкIынымкIэ нобэ бжьыпэр щызыIыгъ «Отбор» агрофирмэм и гъавэ щIапIэхэм.

ХьэщIэхэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ агрофирмэм илъэс зыбжанэ хьуауэ хузбагъуэ «Диана», «Ирида», «Ранняя лакомка», «Родник-182» гибрид пIэужьыгъуэхэр. «Отбор» агрофирмэмрэ нартыху гъэкIынымкIэ гъэзэныным зэрыгурыIуахэщ. Семинарым хэтхэм дерс щхьэпэхэмкIэ кьадэгуэщащи Сербием кьикIа хьэщIэхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Щымыlэу пlэрэ?

УФ-м нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергей Польшэм кIуащ.

Нашэу зэрыщытщи, Варшавэ я ящыщ Курждым егъэщIыпIауэ иджыблагъэ кьэхуэу Iуэхухэмкlэ Урысейр нэхъ ткIийуэ зыгъэкъуанщэ къэралхэм. Арщхьэкlэ, министрым иригъэкIуэкIа зэпсэльныгъэхэр нэхъыбэу зытегъэщIауэ щытар езым и щIыналъэм США-м и ПРО-м щыщ пкъыгъуэхэр кьригъэувэну Польшэр арэзы зэрыхуэнам кьрикIуэнкIэ хьунухэрщ. Урысейр Польшэм аргуэру йочэнджэщ дзыхьыщIыгъуэджэу щыт апхуэдэ лъэбакъуэ щичкIэ псори зэпIщэчыну.

Киев зыхущIэкъыр гурыIуэгъуэкъым

УФ-м Нэгъуэщl къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм щыжIаращ Урысеймрэ Украинэмрэ я зэхущытыкIэхэу иужь зэманым тKIий хьуахэр егъэфIэкIуэжьыным теухуа лъэбакъуэхэр Киев ичыну зэрыхуэмейм зэригъэпIейтейр.

Абы и щапхъэ хуэдизкIей кьыпхуэхьынущ. Iуэхур зэлъытар Курржым егъэщIылIауэ кьэхъуахэм я закъуэжьым.

Ягъэхъыбархэмрэ пэжымрэ

Дыгъуасэ Осетие Ипщэр теухуа хьыбар зэтемыкуэхэр кьаташ.

Ялэ щIыкIэ ягъэIуащ Осетие Ипщэр Ищхьэрэм гухьэу Урысейм хьхьэну я мурад хуэзэу Цхинвал щыжIаIауэ. Ауэ иужькIэ зи гугъу тщIу пеблик и президент Кокойты Эдуард жиIащ абы и лъэхъэр тэмэму кьагурымыIуауэ икIи езыр зи унафэщI щIыналъэм апхуэдэ Iуэху гуэри зэрримыхуэу.

Апхуэдэу Абхъазым и кьэрал ухуэкIэу щытынум тепсэлъыхьащ а республикэм и президент Багъэпщ Сергей. Абы кьыхигъэщхьэхукIащ Абхъазыр Урысеймрэ Белоруссиемрэ я Союзым гухьэну зэрыхуэщIэкъур, ауэ УФ-м кьыхихьэн мурад зэримыIэр.

Илъэс гъунэгъуэм

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыщыпсэльащ УФ-м финанс центр кьыщызэгъэпэщынымрэ теухуауэ екIуэкIа зэIущIэм.

Абы кьыхихигъэбедджыныкIащ я кьарурэр зэщIэхъуэжьуэ я яужь ихьэмэ, илъэс гъунэгъуэхэм апхуэдэ мурадыр зэрызрагъэхъулIэфынур икIи ар дунейм и апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъ льэрызехьэхэм зэрыкъуэвэнур.

ЯфIэмыфIми...

Венесуэлэм щокIуэкI Урысеймрэ а къэралымрэ зыхэт дзэ-хьэуа гъэхьэнымгъэ Iуэхуэр.

Апхуэдэ мурадкIэ Латин Америкэм льэтащ стратегие бомбэзехьэ Ту-160 кхъухьлъатэу тIу. Су-27 штурмовикхэм яхьуэмэу аехэр сыхьэт 13-кIэ Атлантикэ хьи щхьэпрылъэтыкIащ. Венесуэлэм и президент Чавес Уго жиIащ зыгъэсэныгъэ Iуэхуэхэр хуабжьу зэригуапэр икIи езым Ту-160 кхъухьлъатитIым языр зэригъэльэтэнур.

Ауэ апхуэдэ зыгъэсэныгъэ Iуэхуэхэр я нэм кьыщIоуэ кьухьэпIэ кьэрал зыбжанэм. США-м , уеблэмэ, щыжаIэ мы Iуэхур мурад бзаджэхэм тещIыхьа хуэдэу. АрщхьэкIэ УФ-м и МИД-м кьызэрыщыхагъэщащи, ар зыкъуэтьэхар Ту-160 кхъухьлъатэхэр тропикхэм щыIэ дуней щытыкIэм зэрезэгъыр зэгъэщIэнырщ.

ЛэжьапIэ кIуэн и пэкIэ

Украинэм и премьер-министр Тимошенко Юлие и лэжьэгъуэ махуэр дыгъуасэ щыщIидзащ республикэ прокуратурэм.

Иджы кьаугъэ хэмыкI а цIыхубзыр игъэкьуанщэ президент Iющенко Виктор щхьэ рихьауэ. Тимошенко Юлие жиIащ: «Сэращ Iющенко Виктор тэщIэтэфынну ныкъуэкъуэгъуу иIэр. Аращ зэхэзэхуэн сыщIащIри. НэгъуэщI лажьэ сиIэкъым. Сэ прокуратурэм сыкъэкIуащ, хабзэм кьиблъуэвэм быдэу сытетти».

Мыублэ мыхъумэ, мыух щыIэкъым.

Ифань Хоу кIуэгъуэр кьыльысащ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КIэух джэгугъуэр къоблагъэ

Шахматымкlэ цIыхубзхэм Налшык щрагъэкIуэкI дунейпсо чемпионатым и гуащIэгъуэщ - финал ныкъуэр йокIуэкI. Абы щызэIущIащ Костенюк Александрэрэ (Урысей) Крамлинг Пиярэ (Швецие, Ифань Хоурэ (Китай) Конеру Хампирэ (Индие).

ФИНАЛ ныкъуэм и ятIэ партием хужьхэмкIэ джэгуа Костенюк Сашэ дебютым деж щегъэжьауэ и хьэрхуэрэгъур «Iэдэм» диубыдащ. Абы кьыIэщIэкIыну хэта Крамлинг и Iуэхур нэхъыкIэ хьуауэ фIэкIа и мурадкIэ кьехьулIакъым, икIи 35-нэ кIуэгъуэм фIэмыкIыу зитхьэ хуей хьуащ.

Илъэс 14 фIэкIа мыхьу Ифань Хоу игурэ и щхьэрэ эзтелъу рейтинг нэхъ льагэ дыдэ зиIэхэм ящыщ Конеру пэщIэуващ икIи епльэкIыпIэ иримыту абы текIуащ. КIуэгъуэ 30 фIэкIа имыщIауэ Хампи кьыщрихьагъэщIам щхьэхусыгъэ хуэхьуар абы и джэгукIэм щыуагъэ куэд зэрыхэльащ.

Чемпионатым и финал ныкъуэм дыгъуасэ кьыпащащ. Зэрыщжэгуну плъыфэхэр зэрахьужьауэ зи цIэ кьитIуаехэр аргуэру шахматэ стIолым щызэпэщIэуващ, абы кьрикIуаехэрэ мыдежьу наIуэ кьэхъунущ. Зэхьэрхуэрэгъуэм мыбдеж кьыщагъэльагъуэ джэгукIэм ельытащ кIэух джэгуГъуэм щызэIущIэнур хэт сымэми. ЗэрытемыгъакIуэкIэм кьапэплъэр тай-брейкщ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Аруан куей

Я псэкIэ арэзыуэ

Аруан районым и предприятэ Iуэхущапlэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэр ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэль щIыпхъэм зрадзIэпыкъуным хущIокъу.

АПХУЭДЭУ, Хьэгъуэ Леонид зи унафэщI Нарткъалэ «Водоканал» МУП-м илъэс зыбжанэ хьуауэ и нэIэ тригъэтщ зи нэм имылъагъэхэм я урысейпсо обществэм и ратион къудамэм. Апхуэдэ ныкъуэдыкъуагъ ябгъэдэлъу Аруан куейм иджыпсту цIыху 88-рэ исщ, абыхэм кьагъэсэбэп псым и уасэр мы предприятэм яхунтащ. Ныкъуэдыкъуэхэм гулыытэ яхуэщIыныр псом нэхъ-рэ нэхъ льапIэу кьалытэу, ягуэр я псэкIэ арэзыуэ я мылъку хьэлэлкIэ абыхэм зыщIагъакъуэ лэжьакIуэ гупым хэтхэм.

ШЭРЭДЖ Дис.

Республикэм щыпсэухэм, предприятэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ я унафэщIхэм гу зыльатапхъэ

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм хъыбар фегъащIэ 2009 гъэм и яп- ильэс ныкъуэм кърагъэхьын папщIэ, газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трагъадэзу зэрыщIадзамкIэ.

Фэ нэхъ фигу ирихь кьыдэкIыгъуэхэм Iэ щыщIэдз хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псомэ.

ФПС-м и Управленэу КъБР-м щыIэр.

●Аруан куей

Я псэкIэ арэзыуэ

Аруан районым и предприятэ Iуэхущапlэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэр ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэль щIыпхъэм зрадзIэпыкъуным хущIокъу.

АПХУЭДЭУ, Хьэгъуэ Леонид зи унафэщI Нарткъалэ «Водоканал» МУП-м илъэс зыбжанэ хьуауэ и нэIэ тригъэтщ зи нэм имылъагъэхэм я урысейпсо обществэм и ратион къудамэм. Апхуэдэ ныкъуэдыкъуагъ ябгъэдэлъу Аруан куейм иджыпсту цIыху 88-рэ исщ, абыхэм кьагъэсэбэп псым и уасэр мы предприятэм яхунтащ. Ныкъуэдыкъуэхэм гулыытэ яхуэщIыныр псом нэхъ-рэ нэхъ льапIэу кьалытэу, ягуэр я псэкIэ арэзыуэ я мылъку хьэлэлкIэ абыхэм зыщIагъакъуэ лэжьакIуэ гупым хэтхэм.

ШЭРЭДЖ Дис.

ЗэIуэпэщ ящI

АДЫГЕЙ. ***Республикэм Бъэдэмэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI ЛIыунэ Асльэн зэрыжиIамкIэ, ахэм къаIэрыхьащ химиемрэ биологиемкIэ кабинетхэм щIагъуэзи уплъащIэхэмрэ оборудованэхэмрэ, апхуэдэуи спорт тот мини 2,5-м ноблагъэ.***

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪ Iэмэпсымэхэр районым администрацэхэм яратынущ, иужькIэ курыт еджапIэхэм трагуэшэнущ.

«Егъэджэныгъэм зегъэужьыныкIэ» республикэ программэм ипкъ иткIэ, Адыгейм и курыт еджапIэхэр зыхуейну Iэмэпсымэхэмкlэ къызэдгъэпэщащ. Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу физикэмкIэ, тхыдэмкIэ, математикэмкIэ кабинетхэр, медицинэ пэщIэр зыхуей хуэдгъэзащ, унэльащIэхэр щIэдгъэващ», - къыхигъэщащ лIыунэ Асльэн.

КъулыкъущIэхэр кьеплъыт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и президент Эбзеев Борис иджыдлагъэ Карачаевск къалэ дзэкIыгъэ Iуэхугъэ щыкIуам жиIащ щIыналъэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я унафэщIхэм я лэжьыгъэр къыщыштэн мурад зэриIэр.***

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Iуэхущапlэм къызэригъаIкIэ, Эбзеев Борис кьыхигъэщащ я лэжьыгъэм пэмыльэу, ар къэзыльэхъэ район, къалэ унафэщIхэр жэуапым зэрыришэлIэнур, я къулыкъуэм зэрытригъэкIынур.

Президентыр яIущIащ Карачаевск и нэхъыжьхэм икIи Къэрэшей-Шэрджэсым и экономикэм игъэуI зыужьынымкIэ теухуауэ кIэтIущIэсхэм едгъуащ. Апхуэдэуи ахэр тепсэлъыхьащ социальнэ, бизнес Iуэхуэм, къалэр кьабзэу зехьэным, зэIуэпэщ щIыпмкIэ щыIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми.

ХЬЭЩIЫКIУЭЙ Олег.

«Мы Адыгея» Хабзэ»

«Мы Адыгея» Хабзэ»

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лыгъэрэ хажуагъэкІэ

XVI лІэщІыгъуэм и кум щыщІэдзауэ зэи зэпыщІыкІыпхъэ хъанхэм Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ кърашыІэ зауэхэр. 1553 гъэм хъан Долэт-Джэрий Къэбэрдеим кьыгеуащ; паштыкІ Снгизмунд-Август хъыбар зэрыригъэщІамкІэ, «къуентхъ куэдыкІей кьыІэрыхьауэ», абы Кьрымым игъэзэжащ. 1567 гъэмк Къэбэрдеим кьиІэрыгуащ кьрым хьаным и дзэр.

КЪЭБЭРДЕЙР нэхъ гуащІэмащІэ щІыпІи мурадкІэ, тырку сультІаным и дзэр 1569 гъэм Астрэхъан ебгъэрыкІуащ (астрэхъан нэгъуейхэр абы щыгъуэ Къэбэрдеим и жьауэм щІэтащ). Дзэм пашэ яхуэхъуар сультІаным кьулыкъу хуэзыщІэ жаней лакъуэлэщ Кьасым-пащэщ. Абы и дзэм хэтащ бжьыдигъу шу миниц, ахэр псори нуякьым къэбэрдейхэм кьахьхьэжащ, Кьасым-пащэ кьыгуэкІыжкІи. Идар Темрякъуэ зи пашэ къэбэрдей шуудзэм Кьасым-пащэ и дзэр Астрэхъан деж щызэхакъуатащ. Темрякъуэ зэхикъуатащ Кьасым-пащэмрэ яхуэм хъанымрэ я гъы дыдэм Къэбэрдеим кьраутІыпщауэ щыта дзэри.

1570 гъэм Долэт-Джэрий Къэбэрдеим кьытеуащ, кьыкІэкІыкІуэ гъэм Мэскву гъэпсыгъэ ар игъэсащ.

* * *

ПОЛЬШЭМ и лІыкІуэ кьалэныр Кьрымым щызыгъэзащІэ Броневский Мартин итхыгъащ: «Псы хуабэ хэкум, е Къэбэрдеим, и гъыпжкъэ Хьаззэр (Каспий) тенджызым ІоуалІэ. Абы бгы лъагэ хэри мэз Іувэри щыкуэдщ. Къэбэрдей лІакъуэлІэшхэр хАхуэ заущІщ, щІыхубэр абыхэм я Іэмыщ1э иІтыщ; езыхэр щхьэхуитщ, зым и гъафи щІэжьыщ».

Къэбэрдейр зэрыщхьэжьыгъуэм, зым и Іэмыщ1и зэримытым щыхьэт тохьуэ нэгъуэщІ куэдм. Италием кьикІауэ Кьрымым щыІэ Эмиддио де Асколи зэритхамкІэ, «ахэр (тэ тэрхэр) Шэрджэсым ихьан мэшынэ, сыпу жьыпІэмэ абы исхэр зауэшы заущІэщи».

* * *

1654 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1708 гъэ пщІондэ Кьрымым хъанипщІ щІэзэблэкІащ, зым и пІэ адрейр нуеузрэ. Кьулыкъур кьаззэрыгъэхьхуэу, хъанхэр зи ужь ихьэр Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ зэрызыІэщІальхьэнырт: лъыгъажэ зауэ кьращыІэ зэпытт, псэугъэ ирагъахуэрэтэкъым. Дапшэрэ кьатеуам: Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ я Іэмыщ1э ираубыдэн зэи ахуэзэфІэкІакъым кьрым хъанэм, ар дзэ кьэна, зауэм хэкІуадэр езыхэрат, адыгэхэм зэгракъэгуэр. Ар кьыщыщІауэ щытащ 1671 гъэм хъан кьулыкъур кьызыІытаса Селим-Джэрий Еэанэм - абы и дзэр Іисраф зэтращІащ зауэ зэрищІыпІа шэрджэсхэм.

* * *

XVI лІэщІыгъуэ лъандэрэ Къэбэрдеим нэхъ зауэ гуащІэ дыдэр кьыщыпыкъуэкІар 1708 гъэрщ.

1698 гъэм хъан кьулыкъур кьыІэрыхьащ Селим-Джэрий и кьуэ Долэт-Джэрий. Тырку сультІаным абы кьыпубыдащ хъанымкъуэ Шахбаз-Джэрий кьалгъэ кьулыкъур лъигъэсын хуейуэ. Хъаным зихьунщІащ, а кьулыкъур Шахбаз-Джэрий лъигъэсынутэкъым. Шахбаз-Джэрий Бесльэнеим щаукІащ пщы Темырболэт и унэм. Хъаным зэригъэуамкІэ, Шахбаз-Джэрий зыукІар къэбэрдейхэрат, ауэ пэжыр нэгъуэщІт: хъанькъуэр зыІэщІэкІуэдар и щыпэжьыжьэращ, абыкІэ замыумысыжами. Щхьэусыгъуэ яІэ хъуати, хъанькъуэм илъ яІэжьжьи мурад ящІащ Джэрийхэм. Хьиим икІыр Кьалпъэн-Джэрийт - абырэ Шахбазрэ адэжІи зэшт.

И кьуэшым илъ ищІэжьи щхьэкІэ, Кьалпъэн-Джэрий тІэунейрэ, 1700-1701 гъэхэм, Къэбэрдеим кьытеуащ. ПІум щыгъуи фІы щІихакъым: къэбэрдейхэм щІагъэІащ, и дзэр зэхакъутэри.

1703 гъэм тырку сультІан Ахьмэд Долэт-Джэрий Ещанэм хъан кьулыкъум триухащ, Абы и пІэ иригъэуващ хъаным и адэ Селим-Джэрий. Ар игу техуакъым тэтэр лакъуэлІэшхэм - зыкьратІащ. Зэрыхьэзэрий къэбэрдеим зыщигъэпщІыкІащ. Ар игу техуакъым тырку сультІаным, Селим-Джэрий унафэ кьыхуащІащ Долэт-Джэрий кьрашэлІэжьын хуейуэ, абы текІуэдиу ауІыпэрэ щыпитащ. 1703 гъэм и гъэмахуэпэ маазэм кьалгъэ (дзэпщ пашэ) Кьазий-Джэрий Къэбэрдеим кьэкІащ, ауэ Іухэр зауэм нэсакъым. Долэт-Джэрий зитащ. Кьрымым яшэжа нэужь, и адэм и пащхьэ нуэзри, зэхищІыхьамкІэ зэрыщІегъуэжар жиІащ.

1702 гъэм, - итхыжащ хъаным и дохутыр Ферран, - Селим-Джэрий и къуэр кьригъэшэжьын щхьэкІэ, сультІан-кьалгъэр Къэбэрдеим зэуакІуэ игъэкІуащ. И адэр, Селим-Джэрий, хъан зэрыхьуар иГу техуэрэ кьымы, аращ ар Къэбэрдеим щІэкІуэсар. Селим-Джэрий щІрыІуэ хэхьыкІащ нужьрей зауэм, абы урысхэри, поляхэри, нэмыцхэри хигъэщащ. Мэчэм хьэжьыщІ кьыкІыжа нэужь, лъэныкъуэ зригъэзын и мурадащ абы, ауэ сультІаным кьыхуидакъым - хъан кьулыкъум тригъэІакъым, аращ абы и кьуэм игу темыхуар. СультІан-кьалгъэм (Къэбэрдеим кІуам) хъаным и кьуэ кІуэсар зыІэригъэхьэжри, и адэм кьыхуиІэжащ. И адэм ар ІэпІэзешхэкІэ кьриГъэбгъэжащ. Сэри сыщІыбгъуащ (Къэбэрдеим кІуам) кьалгъэм, хъаным хуит зыкъезгъэщІри. Дзэуэ щІыху мин 40 ди гъусащ дэ, махуэ тІощІкІэ гъуэгу дыштери, Шэрджэсым (Къэбэрдеим) дыдэхащ».

1704 гъэм кьалгъэ Кьазий-Джэрий хъан хъуащ. Селим-Джэрий іІат, Долэт-Джэрий Къэбэрдеим кьыІэрыщІыбыдыжьафами кьыхэхкІэ, Кьазий-Джэрий и пщІэр дэуеяти, арагъэнущ абы хъан кьулыкъур кьыщІыпІысар. КьыпІысса щхьэкІэ, итІысэщІ кьудейщ Кьазий-Джэрий хъан тахьтэм зэрытесар. Къэбэрдеим щыІэху, Кьазий-Джэрий и нэкІэ иІэтгъуащ абы кьарууэ бгъэдэлъыр; уєзауэ нэхъра ар уи гъэпывкъуэ кьэщІмэ нэхъ фІэзахуэт хъаным. Апхуэдэ мурад иІагъэнщ Кьазий-Джэрий, ауэ хунэсакъым, нэхъ белджылыуэ ахьпІэмэ, къэбэрдейхэр кьыхуэгъэпщакъым.

* * *

КЪЭБЭРДЕЙМ кьыгеПІэ мыхъор Кьхапльэн-Джэрийти, хъан кьулыкъур кьыпІыса нэужь (1707 гъэм) куэдрэ зиІэжьакъым абы: дзэшхэу иугъуейри, 1708 гъэм зэуакІуэ кьежьащ, и къуэшым, Бесльэнеим щаукІа Шахбаз-Джэрий, иГь ищІэжьын щхьэхуэгъуэ ищІри.

Кьапльэн-Джэрий Къэбэрдеим кьриугъПІащ дзэр зыхуэдизар Іупщ1кьым. Де да Мотрэ зэритхымкІэ, Кьапльэн-Джэрий и дзэм зауэ ищІащ, Кантемир Дмитрий мин 95-рэ кьегъэльагъуэ, Раковищ Михайлэ - мин 40, Хаммер Иозеф - мин 35-рэ. Бэчмырзэ Тэтэрхъан (Бекович-Черкасский Александр и шьхэхъажьыр) щыхьэт мэхъу а бжыгъэмкІэ - ар езыр хэтащ Кьапльэн-Джэрий Къэбэрдеим кьрищыІа зауэм.

Истамбул дэса урыс лЫкІуэм, Іхъистой П., Мэзкуу итхыгъащ зауэлІ мин 30-40 нэхърэ мынэхъ мащІэ дзэ иугъуейуэ Къэбэрдеим теуэн хуейуэ Кьапльэн-Джэрий тырку сультІаным унафэ кьыхэзыхуащІар - а щэрджэсхэр кьнэзуэн, я пСэуалъэхэр игъэсын щхьэкІэ». СультІаным и унафэм еБэкъуакъым Кьапльэн-Джэрий, мин 40 нэхьыбжьыр сагъэзнэкъым абы. Дауи щретн, Кьапльэн-Джэрий и дзэр мин щэ ныкъуэм щІигъуакъым - ари егъэлеят Къэбэрдеим дежкІэ.

Абрэ де да Мотрэ зэтегъащ : «Нурреднрэ (Кьапльэн-Джэрий) хьаныкъуэкэрэ зи пашэ тэтэрэхр бгы лъагэ гуэрым (зи гугъу ищІыр Кьэнжалщ) и пьапэм щитПысыкІащ. Бгы лъапэр тІысыпІэ ящІри, Кьэнжалщ зэбграгъэкІащ, лъы уасэмкІэ къэбэрдейхэм ягуры1уэн щхьэкІэ. Дзэшхэуэм щышынаеуэ фэ зытрагъэзащ щэрджэсхэм, Іуэхур зауэм нэмысмэ, нэхъ къызэращтэнур кьыжраІащ хъаным. Къэбэрдейхэр игъэшынаеуэ итыдащ хъаным, яхуэхъ ятринкьзащ. Лъы уасэмкІэ зэпсалъэурэ, адыгэхэм кІыхьлІыхь защІащ. Хъаным щэч кьытрихьэжакъым абыхэм лъы уасэмкІэ зэрагурыІуэм. Кьэнжалщ ягъэбзэнэрыгъа нэужь, къэбэрдейхэр бгыщхьэм кьнуващ, мывэшхэрэ КьрыгаГьэжхэащ, шабзэшэкІэ кьеуахьуэрэ Іэрпхъуэр ятауэ бгы лъапэр щыІэ хэзекэ тэтэрэхэр зэтраукІащ. Хъаным и дзэм кьебгъэрыкІуащ ІэщхькІэ фІыуэ зэщІэуэзда адыгэ шухэр. Абдеж кІэ щигъэтащ хъаным и дзэм - кьабградэжьэм кьелар мащІэщ. Хъаныр щІэпхъуэкэрэ яІэщІэкІащ. Адыгэхэм яубыдащ абы и кьуэшри и кьуэхэм ящІщ щІри. Зауэм хэкІуэдащ хъаным и зауэлІ мин 40».

Кьрым-къэбэрдей зауэм и хъыбар де да Мотрэ хуэзыуэтэжар зи ягъэ щхьэпэ ермэлы сатуущІ - Кафф (Кьрымым) кьнкІыуэрэ Къэбэрдеим кьэкІуэрейуэ щытащ а сатуущІыр. Абы кьыгъэзащ Кьрымым зауэм хэта нэгъуэщІ гуэрхэм я гукъэкІыжхэри зэтохуэ - ахэр зэрригъэщащ Абри де да Мотрэ.

Кьэбэрдеим хъаным и дзэм иращІам щхьэкІэ тырку щІэнэгъэлІ Фундукуу итхыгъащ: «Абыхэм апхуэдэ удын зэи кьатехуэтэкъым».

ЩІэщхъу кьыщыщІати, Кьапльэн-Джэрий Кьрымым ихьэжьин тегушхуакъым - нэгъуэщ мызэхэм я дзэ зыщигъэпщІкІуащ. Тырку сультІаным абы хъан кьулыкъур Іэщихащ, иригъэубыдри пьэныкъуэ иригъэзащ.

Хъаныкъуэ Шахбаз-Джэрий и пІыуэсэм кьыкІэхьанкІи, кьрым-къэбэрдей зауэм и щхьэусыгъуэр нэхъ кІуцІ. 1711 гъэм хъаныр тырку урыс зауэм куэд щІауэ зыхунгъэхьэзырырт сультІаным. ДызэрыщІгъуаэзщи, Къэбэрдейр 1557 гъэ лъандэрэ Урысеймрэ дзей хуэхъуауэ кьэгъуэгурыкІуащ. Урысеймрэ зауэ иригъыІэн мурад зиІэ тырку сультІаным дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэт Къэбэрдейр лъэныкъуэ иригъэзыным - ар урысхэм кьадэмыщІын щхьэкІэ.

* * *

КЪЭБЭРДЕЙМРЭ Урысеймрэ яку дыхьэн мурад иІами, ар кьэхьуІакъым тыдэ сультІаным кьрым хъанми. Къэбэрдей шухэр кьхьхэжанкІ зэпытащ Урысеймрэ ипщэкІи ищхъэрэкІи кьыщращІыпІэ зауэхэм. ЗэрыгурыІуэгъэщІри, ар игу техуэнутэкъым тыркуэмри тэтэрхэми: Кьэнжал зауэм и ужькІи Кьрымымрэ Къэбэрдеймрэ кьэдрэ зэжьхэзэуащ, зэжьхэзэуэ кьэсхьуи адыгэхэм кьапэпщІащ зэрыщхьэкІуэсэр.

1711 гъэм жэпэгъуэ маазэм и 30-м къэбэрдейхэм кьрым кьалгъэ Мурад-Джэрий и дзэр зэхакъутащ. 1723 гъэм хъан Саадат-Джэрий III зи пашэ кьрым дзэпщІ кьыстеуащ Къэбэрдеим. Хъан Менгли-Джэрий II кьалгъэ Бахытыг-Джэрий 1729 гъэм Къэбэрдеим кьрИутІыпщащ - кьрымыдзэр кьэбэрдейхэм зэхьэзащ, ежь дзэпщри ящІащ. Кьрым тэтэрхэмрэ къэбэрдейхэмрэ 1739 гъэм фокІадэ маазэм Лабэ псым и Іуфэм (Бесльэнеим) щыІэзэуащ. Кьетыкьуэ Асльэнбэч зи пашэ къэбэрдей шухэр кьалгъэ Кьазий-Джэрий и дзэм текІуащ: «Тэтэрхэр хэдгъащІэри етхуажьжащ; куэд дукІащ, гъэр кьэтщІащ, ежь Кьазий-Джэрии кьыдэлакъым».

Шу дапщэ игъэшэсыфэрт кьалъхьэху зэрыпхъуакІуэхэм ятекІуэ къэбэрдеихэм - абы жэуап етыгъуафІэкъым. Гланвин Ксаверио зэриртхамкІэ, Къэбэрдейм и закъуэ уэркъ шу минитхум щІигъу щагъэшэс Іэджэрэ я яку дэлъ хьупІэхэм кІуэщІрыкІ гъуэгум зэреДжэр.

Махъшокъуэ (Къуэ шыхьажь) къэзэ зишьхьхуэрэ зэрызэнкъуэдзиждзкъым щхьэжьаІэщІ. Балькъуэ Кьулыкъуэнгрэ я зэхуакъум дэлъщ Сэрмакъ кьыщыщІэдзауэ Куба губгъуэм нэс. Мы кьуэм, Балькъэр Кьулькъуэжьнрэ я зэхуакъум дież махъшэм тес кьырымыдзэкІ кьэбэрдейхэм щыІэзэкъуІащ икІи кьэрым кьащІэ и 12 зыкъыщІ махъшэ чырэ щаубыдыгъащ. Махъшокъуэ цІэри абы кьыхетхуэкІащ.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Му сэбий,
адыгэбзэмкІэ егъэжакІуэ.
Дзэлыкъуэ куей, Адэфей (Малкэ) кьуажэ.

Зы щІыхуфІымк дунейр ихьыфІ дахьуу жаІэ... Пэжу кьыщІэкІынщ. ИкІи хуабжу гуаузщ зи хьыбар фхуэтІуэгъ

ЛыфІыр дунейм зэрытемытыжыр. ПІэчи хэлъкым, ар зыщІыхуу щыта дэтхэнэ зыми и гъащІэм, и гуфэсхэм, и дуней тетыкІэм фІы гуэр хильхьфу зэрыщытам, побэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри а псом зэрыхуэныкъуэм.

МАМИЙ Тобий Хьэжсет и къуэр щІэныгъэлІ гъэкІым, усакІуэгъэкым, зауэлІ гъэкІым. КьыгъэригъэкІ щІыхут, ауэ зи щІэр хьэрфыщхуэкІэ ятхым хуэдэт. Ар 1938 гъэм Кэнжэ кьуажэм кьыщащхьащ. Адэ зыщхьэщымат, анэми узынщагъэу ягъэдэлъ щымыІэу, унагъэущхуэм кьыхэкІащІащ щІыкІур гугъуехьым жыру ипсыхьами, гу быдэ ищІатэкъым: арауэ кьыщІэкІынт абы гъэнэгъу кьыхуэхьу дэтхэнэ зыри кьыщІигурыІуэр, щІыгъэкІэ щхьэпэ зэхуэхьэнуэ, щІымыщхьэхыр.

И щхьэгъуэ Бусэ ІэплакІуэу кьеГъэтІылъ Тобий и лжьыгъэфІым кьыпэкІуэ кьыхуэгъэфэщащ дамыгъэжэр ЩІыхь тхылъхэмр. А псом си нэгу кьыщІагъэкъуэ Тобий и илъэс плЫщІ гуаиІэдэкІ гъуэгуанэр. Абы щыщу илъэс 37-р епхащ «Искож» комбинат щІэрыІуэм. Абы щылажьэрт лъэпкъ куэдым щыщ щІыхухэр. Абыхэм я эныщхьэзэгъуэгъэр, эныщІэнныгъэр быдэ хъуНым, гуапэу зэхущытыным ехьэлІауэ Тобий лъэныгъэшхуэ зэфІигъэкІырт. Псом япэ иригъэщт адыгэ хабзэр. Совет властым и эмаанми а хабзэрт зэрыгъуазэр.

ГъукІэгъэсэну ува щІалэ жан, щхьэх зымыщІэм щІэх дыдэу гу кьылъатэ, къудамэм и бригадир ящІ, абыи щыпэльэщым, участкэм и унафэщІ, директорым кадрэхэм псэныгъэмкІэ и куэдзэ - апхуэдэуэрэ зеукъэбз зи кьару емыблэжу зи гуащІэр хьэлэлу къэралым езытыф Тобий. И зэфІэкІымрэ и щІыгъэнэмрэ пащІэ ар хах комбинатым и профсоюзми, щІыхубэ къэщІытакІуэ гупми я унафэщІу. Тобий гумызагэт. Ар хуэтКІийт и щхьэми и лэжьгъэхуэми. Абы кьыдэкІуэри лэжьакІуэхэр зызыныкъуэ псомкІи тэмэму кьызэгъэпэщыным гулытэ нэхъ хущІыкІт. ЦІыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ, жаІэ. Тобий и лэжьыгъэфІым кьыпэкІуа щІыхь тхылъхэр зы тІощІыкІыпІым нос. Абы хэтщ Урысейми ди республикми я дамыгъэхэр, «За трудовое отличие», «За доблестный труд» медалхэр. ЩІэныгъэр и гъльабжьэу зызыужь комбинатым щІэ куэд къыщежьэрт. Мардэ хьэр хуей а ІуэхущІэр щыпхагъэкІыр Тобий зи гугъу кьыпхуищІ, и Іуэху сІпльыкІэри кьигъэльагъэрт.

Сигу кьынэжащ Тобий жьыжапІэу зэрыщытар кьозыгъэщІэж, гъащІэм ехьэлІа зы хъыбар щІыкІу. Зи ныбжь иримыкъуэу яхьа хьыджэбз щІыкІым пхъэр хуащІат Тобий, и Іыхьлы дыдэти. АфІэкІа ныбжь зимыІэр зыгуэркІэ унагъэ кьалэнхэм пэмыльэщу дыяпІэгъэхьэгъэ, зыкІыхьадэм, сытми и унафэ быдэт и пхуэ къыщІашьжьыныр. Ауэ хьыджэбзымрэ щІалэмрэ яку дольэ гурыщІэм Тобий еБэкъуэфакъым. Іуэхур кьызыгурыІуа лІы губзыгъэм кьигъуэта хьэмфэрэ щхьэхуитныкъуэ. Пщащэм гуащІэ хуэхъуэ щІыхубэр мащІэу и щІыхугъэт, абыи быи зытхух иІэу и щІалэ пажэм кьишуаэ арати, ириубыдыпІэри: «Уа ди щыпхъу, уэ уцІыхубэ лъэрыгъехьщ, уи бынхьмрэ ебланэу мы дыдэ хьыбар кьэдгъэщІ щІыкІыпрэ я зыщІыхьхьа щІыхубэ губзыгъэмрэ нысащІэ щІыкІымрэ я кум эзи псалъэмакъ кьыдэхьыкъым. Апхуэдэ хьыбар куэд кьаГъуэтэжьыфыщ Тобий зыщІыхуэм.

... Нэр темыпІэу ежжЄ гъэмаир тІэкІу кьызэтезгъэувыІэнт, ар мыхъуми, зы мащІэкІэ нэхъ хуэсщІыхьат. Сыт щхьэхуитщ, блэкІа илъэсхэм хэтлъэгъуэ щІыхуэр, Іуэхуэр дигу кьоиэ. Дигу кьоиэ, а гукъэкІыжхэм гуапагъэр нэхъыбэу хэтщІи. Псалъэ гуапэкІэ сигу кьэзгъэжьыкІыну сызыхуэІэкъуэ Мамий Тобий, дауи, ящыщІи зи щІыгуфэм, зи напэм хуэарэзыуэ дунейм тета щІыкІу щыпхэхэм. Жэнэтыр Гъэмэ ушэтІ щхьэщІ, Тобий.

Мамий Тобий.

Дэтхэнэр зи щхьэм сызыдыт щІыкІуэ губзыгъэт Тобий. Сэ ар си щІыхугъэфІт. Дауи, сызыбгъэдэт іэжьыгъэрт ар зи фІыщІэр. Акъыл зыхэль хьыбар щхьэпэ куэд щІызэхэпхынуІ абы и деж. Зи кьанэртэкъым къэралым, лъахэм кьыщІыхуэ, щекІуэкІ Іуэхугъуэу, уеблэмэ ар щІыхь щхьэхуэгъэ. Іуэхуэ сІпльыкІэри кьигъэльагъэрт. «РадиомкІэ зэхэсхаІе «Адыгэ псалъэм» тетащ», - жиІэрти, а зыгъэпІейтейм е зыгъэгуфІэм и гугъу кьыпхуищІыр, и Іуэху сІпльыкІэри кьигъэльагъэрт.

Сигу кьынэжащ Тобий жьыжапІэу зэрыщытар кьозыгъэщІэж, гъащІэм ехьэлІа зы хъыбар щІыкІу. Зи ныбжь иримыкъуэу яхьа хьыджэбз щІыкІым пхъэр хуащІат Тобий, и Іыхьлы дыдэти. АфІэкІа ныбжь зимыІэр зыгуэркІэ унагъэ кьалэнхэм пэмыльэщу дыяпІэгъэхьэгъэ, зыкІыхьадэм, сытми и унафэ быдэт и пхуэ къыщІашьжьыныр. Ауэ хьыджэбзымрэ щІалэмрэ яку дольэ гурыщІэм Тобий еБэкъуэфакъым. Іуэхур кьызыгурыІуа лІы губзыгъэм кьигъуэта хьэмфэрэ щхьэхуитныкъуэ. Пщащэм гуащІэ хуэхъуэ щІыхубэр мащІэу и щІыхугъэт, абыи быи зытхух иІэу и щІалэ пажэм кьишуаэ арати, ириубыдыпІэри: «Уа ди щыпхъу, уэ уцІыхубэ лъэрыгъехьщ, уи бынхьмрэ ебланэу мы дыдэ хьыбар кьэдгъэщІ щІыкІымрэ я кум эзи псалъэмакъ кьыдэхьыкъым. Апхуэдэ хьыбар куэд кьаГъуэтэжьыфыщ Тобий зыщІыхуэм.

... Нэр темыпІэу ежжЄ гъэмаир тІэкІу кьызэтезгъэувыІэнт, ар мыхъуми, зы мащІэкІэ нэхъ хуэсщІыхьат. Сыт щхьэхуитщ, блэкІа илъэсхэм хэтлъэгъуэ щІыхуэр, Іуэхуэр дигу кьоиэ. Дигу кьоиэ, а гукъэкІыжхэм гуапагъэр нэхъыбэу хэтщІи. Псалъэ гуапэкІэ сигу кьэзгъэжьыкІыну сызыхуэІэкъуэ Мамий Тобий, дауи, ящыщІи зи щІыгуфэм, зи напэм хуэарэзыуэ дунейм тета щІыкІу щыпхэхэм. Жэнэтыр Гъэмэ ушэтІ щхьэщІ, Тобий.

ЕГЪУАЗДЖЭ

Театрым и илъэс ЛЭЖЬЫГЪЭЩІЭ

Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым и гъэлэгъуэныгъэхэм я лъэхъэнэщІэр фокІадэм и 6-м кьыщІэІухьжащ. Театрым и артистхэм щэбэт кІуам и щыпхьэщхьэм яГъэпэгъуэщІ Шенэ Пьер и пьесэр зи лъабжь «Будьте здоровы» комедиер. Мы лэжьыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр мылъкум щыхуэзэрыгъэхьэгъэнаІуэ кьэгъэльэгъуэныщ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьыну дыхуейт театрым щэбэт щыпхьэщхьэм и гъэлэгъуэгъэльагъэуэ. ФокІадэм и 13-м утыку къраухэнущ Жаммиак Ив и «Мсье Амелькар» пьесэм кьытращыкІа трагикомедиер.

Театрым и лэжьакІэ Кіурашын Мустэфа кьыщІэрыджи-ІамкІэ, Іуэхущ1апІэм и режиссер нэхъыщхьэ Урыс Вячеславрэ артистхэмрэ иджьпІэту спектаклыщІэ йолэжь, куэд мыщІэу утыку кърахьэну. Ди гуапэу ар щытлъагъунум дыпэпІэнщ.

БЛИЙ Залинэ.

ГИБДД-м кьет

Тхъэмахуэ зэхуакъум

ФокІадэм и япэ тхъэмахуэ зэхуакъум республикэм гъуэгу насыпыншагъэр 12 зыщІэлъ ныбжьыкІэхэр, абыхэм щыхуэм 6 зэкІуэдащ, 14-м фэбжь хахащ.

ФОКІАДЭМ и 8-м сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 40-м, ВАЗ-2106 автомашинэр зезыгъэкІуэ, илъэс 27-рэ зи ныбжь нашыкІэсыр, чэфу ругьим зэрыдэтІысхьам кьыхэкІыу автотранспорт зэрыкІуэну хунт ямышІыр. Ар щыта кьлэм Ашуровым и уэрамымкІэ зэдэкІуэм 16-нэ унэм и гупэм дежь гъэгуфэм щытепсэри кьэзыІэпІэ комплексым еуащ. Рулым дэсар сымаджэщым ящащ.

Регистрацэ Іуэхугъэ щызэфІагъэкІыжьам, ГИБДД-м автотранспортыр тхылъымкІэ, экзаменхэр кьеІыхьынымкІэ и кьудамэм кьыщІигъэщащ зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэхуэхьэ автомашинэу 8.

Кьаптыкъуэхэм ящІыщу тхъэмахуэ зэхуакъум кьрибудэу кьытрахащ зы щоферэ тхылъ, автомашинэр зэрятхакІэ тхылъыр, ВАЗ-21099 автомашинэр.

ФокІадэм и 5-м Проходнэ муниципальнэ районым щыІэ ОВД-м и ГИБДД кьудамэм и лэ жьакІуэхэм яубыдащ илъэс 19 зи ныбжь аТъудэсыр, а ныбжьым лъагъэрыгъажьэм тес щылубзыр езыгъэкІыщІэхьужьэкІэр.

Іуэгу насыпыншагъэ зи зэранкІэ кьэхъуу зыщІэпщІкІужьауэ яубыдащ зы налшыкдэсрэ Дей кьуажэм щыщу зырэ.

ФокІадэм и 6-м Шэджэм - Майскэ автотрасэм КЪБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэуэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ зыхуэфащэ тхылъыпхэр щІы-мыгъуу гъущІхэкІхэр зышэ «КамА3» автомашинэр зезыгъакІуэ бахьсындэсыр.

ТКЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэ.

ФОКІАДЭМ и 8-м сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 40-м, ВАЗ-2106 автомашинэр зезыгъакІуэ, илъэс 27-рэ зи ныбжь нашыкІэсыр, чэфу ругьим зэрыдэтІысхьам кьыхэкІыу автотранспорт зэрыкІуэну хунт ямышІыр. Ар щыта кьлэм Ашуровым и уэрамымкІэ зэдэкІуэм 16-нэ унэм и гупэм дежь гъэгуфэм щытепсэри кьэзыІэпІэ комплексым еуащ. Рулым дэсар сымаджэщым ящащ.

Регистрацэ Іуэхугъэ щызэфІагъэкІыжьам, ГИБДД-м автотранспортыр тхылъымкІэ, экзаменхэр кьеІыхьынымкІэ и кьудамэм кьыщІигъэщащ зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэхуэхьэ автомашинэу 8.

Кьаптыкъуэхэм ящІыщу тхъэмахуэ зэхуакъум кьрибудэу кьытрахащ зы щоферэ тхылъ, автомашинэр зэрятхакІэ тхылъыр, ВАЗ-21099 автомашинэр.

ФокІадэм и 5-м Проходнэ муниципальнэ районым щыІэ ОВД-м и ГИБДД кьудамэм и лэ жьакІуэхэм яубыдащ илъэс 19 зи ныбжь аТъудэсыр, а ныбжьым лъагъэрыгъажьэм тес щылубзыр езыгъэкІыщІэхьужьэкІэр.

Іуэгу насыпыншагъэ зи зэранкІэ кьэхъуу зыщІэпщІкІужьауэ яубыдащ зы налшыкдэсрэ Дей кьуажэм щыщу зырэ.

ФокІадэм и 6-м Шэджэм - Майскэ автотрасэм КЪБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэуэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ зыхуэфащэ тхылъыпхэр щІы-мыгъуу гъущІхэкІхэр зышэ «КамА3» автомашинэр зезыгъакІуэ бахьсындэсыр.

ТКЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэ.

ТЭРЧ КУЕЙ

НартыхугъэкІхэм я Іуэхур йофІакІуэ

Тэрч куейм и мэкъумэщ предприятэхэм гибрид нартыхур ещхьэрэкІыу Іуахыж. «Жыжрей илъэсипщІым мыпхуэдэ бэрагъ диІауэ тщІэкІырэ щІым. Псом хуэмыдэу бэгъуащ «Родник-179» гибрид ІІэужьыгъуэр». - жеІэ гъавэр здрашалІэ «Тэрч элеватор» ООО-м и унафэщІ Хьэрэдуэ Заурбий.

МЫ МАХУЭЖЭМ нартыхур Май, Бахьсэн, Прохладнэ куейхэми кьраш.

Элеваторым иджьпІэту нэхъыбэу кьашэр жылапхъэ ящІыну нартыхурщ. Ар ягъэгъунэрэ зэпэдзынущ, зыхуэфащэ хущхъуэхэр хальхьэнурэ кьэпхэм иракІутэжынущ.

Нартыхум зэрэщІэдгъуэнэр жьы зэрыхуэм кьыхэкІыу «Тэрч элеватор» ООО-м Сербием мэкъумэш техникэхэр кьыщІэзыгъэкІ и Іуэхущ1апІэ зыбжанэм ярищІыпІа зэгурыІуэныгъэхэм тету мы махуэхэм кьызыгурыІтыпщІынущ нартыхур зыбгъэкІабзэ линиещІэ. А предприятэ дыдэхэм я деж комбайнэр нартыхур зэрыщэ-падз Іэмэпсымэхэмрэ кьыщащхьну я мурадщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Іуащхьэр Балькъ и сэмэгу рабгъу лъэныкъуэмкІэ километри 6 хуэдизкІэ гъэкІыжыкІ Кьэнжал бгым и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къращтщ. Ашэбей Іуащхьэ цІэр Кьэнжал зауэм теухуауэ кьалъэтэжэм, ятхыжкъэм кьэдрэ кьыхощ.

ІУЭРЫІУАТЭМИ щІэныгъэлІхэми ашэбей щыІналъэмрэ абы и цыхухэмрэ я цІэхэр мымащІэу кьраІуэ. Кьуентхъ гуэшыпІэу икІи хьуэхьу Іэтыпі1эу Іуащхьэр Ашэбейщіыруі (Ашэбей и хьуэпІэр кьыщІкІынущ). Лъы щагъэжа мы щІыпІэ иным и зы лъагапІэм ныбжькІэ мыщІуэдыжьыр фэеплъу «Ашэбей Іуащхьэ» цІэуэ фащащ.

Іуащхьэм епхащ Кьэнжал зауэм кьыхэщІык лІыхьужь щІыпІэ мурадхэр хьанэхэм Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ кьращыІэ Сигиз-мунд-Август хьыбар зэрыригъэщІамкІэ, «къуентхъ куэдыкІей кьыІэрыхьауэ», абы Кьрымым игъэзэжащ. 1567 гъэмк Къэбэрдеим кьиІэрыгуащ кьрым хьанымрэ я дзэр Астрэхъан деж щызэхакъутащ. Темрякъуэ зэхикъуатащ Кьасым-пащэмрэ кьрым хьанымрэ я гъы дыдэм Къэбэрдеим кьраутІыпщауэ щыта дзэри.

1570 гъэм Долэт-Джэрий Къэбэрдеим кьытеуащ, кьыкІэкІыкІуэ гъэм Мэскву гъэпсыгъэ ар игъэсащ.

* * *

ПОЛЬШЭМ и лІыкІуэ кьалэныр Кьрымым щызыгъэзащІэ Броневский Мартин итхыгъащ: «Псы хуабэ хэкум, е Къэбэрдеим, и гъыпжкъэ Хьаззэр (Каспий) тенджызым ІоуалІэ. Абы бгы лъагэ хэри мэз Іувэри щыкуэдщ. Къэбэрдей лІакъуэлІэшхэр хАхуэ заущІщ, щІыхубэр абыхэм я Іэмыщ1э иІтыщ; езыхэр щхьэхуитщ, зым и гъафи щІэжьыщ».

Къэбэрдейр зэрыщхьэжьыгъуэм, зым и Іэмыщ1и зэримытым щыхьэт тохьуэ нэгъуэщІ куэдм. Италием кьикІауэ Кьрымым щыІэ Эмиддио де Асколи зэритхамкІэ, «ахэр (тэ тэрхэр) Шэрджэсым ихьэн мэшынэ, сыпу жьыпІэмэ абы исхэр заущІ заущІэщи».

* * *

1654 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1708 гъэ пщІондэ Кьрымым хъанипщІ щІэзэблэк